# KÓRKEM DETAL MÁSELESI HÁM ÁDEBIYATTANIW ILIMI

***Umarova Ú.***
*stajyor oqıtıwshı Nókis innovacion institutı*

**Tayanch so'zlar:** detal, badiiylik, shakl, obraz, peyzaj, portret.
**Ключевые слова:** деталь, художественность, форма, образ, пейзаж, портрет.
**Key words:** detail, artistry, form, image, landscape, portrait.

«Detal» túsinigi ádebiyattanıw menen ulıwma ilimde kóp waqıtlardan beri bar bolıp, ol siyrek qollanılıp kelse de, bul másele jazıwshı sheberligi kózqarasınan alǵanda ele az izertlengen máselelerdiń biri. Biz qolımızda bar ilimiy-teoriyalıq ádebiyatlarǵa oy juwırtıp qarasaq, kórkem detal XIX ásirden baslap ayırım kórnekli jazıwshılar menen geypara alımlardıń miynetlerinde qollanılıp, oǵan málim dárejede tiyisli bahalar menen anıqlamalar berilip kelgenligin kóriwimizge boladı. Solardan biri belgili ilimpaz, orıs ádebiyatında realizm metodınıń ataqlı izertlewshileriniń biri S.M.Petrov óz miynetinde: «…Detallardıń haqıyqatlıǵı - usı waqıtqa shekem realizmde, kórkem formanıń sheshiliwinde áhmiyeti az bahalanǵan kórkem ónerdiń eń áhmiyetli ózgeshelikleriniń biri ekenliginde» -dep jazadı. [1]

Álbette, bul pikir aytılǵalı beri kóp waqıtlar ótti, ulıwma ádebiyattanıw ilimi aytarlıqtay tabıslarǵa eristi, sonıń ishinde usı máselege baylanıslı da ámeliy hám teoriyalıq jaqtan kóplegen jumıslar islengenin kóriwimiz múmkin. Solardan ayrıqsha atap ótetuǵın bolsaq orıs ádebiyatshısı E.Dobin, buryat ádebiyatshısı S.Baldanov, ózbek ádebiyatshısı S.Umirov, qazaq ádebiyatshılarınan K.M.Jusipov, B.Z.Қabdolov, qaraqalpaq ádebiyatshısı J.Narımbetov, K.Allambergenov, J.Esenov, Қ.Turdıbaev hám basqalardıń bul máselege baylanıslı itibarlı pikirleri bar.

Ulıwma, bul ilimiy-teoriyalıq izlenislerdegi juwmaqlarǵa súyenip aytatuǵın ulıwmalıq bir nárse detal-bul sózsiz túrde jazıwshı sheberliginiń hám tutas milliy ádebiyattıń qol jetkizgen kórkemlik, poetikalıq tabıslarınıń jemisi, jazıwshılardı ulıwmalıq, abstraktlıq súwretlewlerden ayqınlıqqa, konkretlikke, obrazlılıqqa

alıp baratuǵın jol bolıp esaplanadı. Joqarıda atı kórsetilgen ilimpazlardıń jazǵanınday orıs ádebiyatındaǵı detallıq súwretlewlerdiń eń sheber jazıwshıları N.V.Gogol, A.Chexov esaplanar eken. Al, ózbek ádebiyatshısı S.Umirov óz dissertaciyasın tolıǵı menen ataqlı ózbek sóz sheberi A.Қahhardıń prozasına tiykarlanıp alǵanlıǵı da tosınnan bolǵan emes.[2] Mine, sonlıqtan da sońınan iri kólemli fundamental miynetin pitkermesten aldın belgili orıs ádebiyatshısı E.Dobin «Literaturnaya gazeta»nıń betlerinde «Detal i podrobnost»[3] degen kólemli maqalasın járiyalap, soń usı tiykarda detal máselesine arnalǵan monografiyasın baspadan shıǵarǵan.[4] Ásirese, ilimpaz kólemli sońǵı miynetinde detal máselesin jazıwshı sheberligi menen tıǵız baylanıstıra otırıp, bunı prozalıq shıǵarmalardaǵı ádebiy qaharman hám syujet sıyaqlı baslı-baslı kórkem shıǵarma komponentleri menen tıǵız baylanıstırıp alıwı ayrıqsha maqsetke muwapıq keledi. Usınday pikirlerge súyengen moldavan romanların izertlewshi ilimpaz V.Koroban bir neshe jıllardan soń detallardıń haqıyqatlıǵı menen olardıń kórkemlik - poetikalıq xızmetine ayrıqsha dıqqat awdarıp, detallardıń hár qıylı túrlerin kórkem psixologiyalıq súwretlewdegi áhmiyetin kórsetip ótedi, detallardı ayqınlastırıp klassifikaciyalap, túrlerge bólip qarastırǵandı maqul kóredi hám bul pikir sońınan ózbek ilimpazı S.Umirovtıń dissertaciyasında óz quwatlawın tapqan. [5]

Demek, V.Korobannıń pikiri ózbek ádebiyatshısı S.Umirovtıń kórkem detalardı «psixologiyalıq detal», «qıymıl-qozǵalıs», «dialog», «ishki monolog», «peyzaj», «portretlik detallar» hám t.b. dep bólgenine tuwra keledi. Bizińshe, bul jerde sırttan qaraǵanda ilimpazlar jazıwshınıń «kórkemlik súwretlew usılları» termini menen usı baǵıttaǵı túsiniklerine qarsı shıqqan sıyaqlı bolıp kórinse de, bul ilimiy-teoriyalıq túsinikler ilimine jańasha kóz-qaraslar negizinde anıqlıq kirgizip otırǵanı belgili bolıp tur.

XX ásirdegi qazaq prozasınıń belgili sóz sheberleri M.Awezov, B.Maylin, G.Musrepov, E.Nurpeysov, X.Esenjanov, T.Axtanov hám basqalardıń dóretpelerine tiykarlana otırıp, K.M.Jusipov óz maqalasında sóz sheberleriniń detallardı qollanıwın kóbinese kórkem psixologiyalıq súwretlew sheberligi menen baylanıstıradı. Ol: «M.Áwezov ómirdi epikalıq túrde keń planda alıp, onı tereń psixologiyalıq konkretlik penen bere biliwi, jazıwshı qollanǵan tásirli detallardan anıq kórinedi». «…Qaharamannıń jan sezimlerindegi ózgeristi, tolǵanıstı onıń bir - eki qıymıl - qozǵalısı menen-aq ańlatıw M.Áwezovta kóp ushırasadı.»

«B.Maylin adam júzindegi, sırtqı kelbetindegi bir - eki ózgerislerdi, háreketlerdi kórsetiw arqalı-aq onıń burın qanday jaǵdayǵa túskenin, házir qanday jaǵdayda turǵanın ańlata aladı. B.Maylinniń sheberligi degende,

onıń kishigirim epizodlarǵa, jeke shtrixlarǵa keskin, joqarı jámiyetlik máni sıyǵızıp beretuǵınlıǵın ayrıqsha belgilep ótiwimiz zárúr».[6] «Á.Nurpeysovtıń dóretpelerindegi ushırasatuǵın detallarda da psixologizm basım…»[7:187] degenge usaǵan kórkem detal haqqındaǵı pikirlerin T.Axtanovtıń «Boran» romanınan alınǵan mısallar menen de ayqınlastırıp tastıyıqlap baradı.

Detal máselesin arnawlı izertlewshiler S.J.Baldanovtıń,[8] B.Z.Қabdolovtıń[9] miynetlerindegi aytılǵan pikirler de joqarıda kórsetilgenlerge jaqınlasadı hám olar biri buryat prozası, ekinshisi bolsa sońǵı jıllardaǵı qazaq prozasınıń mısalları tiykarında óz pikirlerin tolıqtırıp, olarǵa ilimiy anıqlıqlar kirgizip bere alǵan.

Qaraqalpaq ádebiyatshı, ilimpaz J.Esenovtıń dissertaciyalıq jumısı hám sol tiykarda bastırıp shıǵarǵan monografiyasında[10] ásirese, kórkem psixologiyalıq detallarǵa ayrıqsha toqtap, ol kóbinese ózbek ádebiyatshısı S.Umirovtıń pikirlerin maqullaytuǵınlıǵın bildiredi, al biraq dialog, ishki monolog, peyzaj, qıymıl-qozǵalıslardı kórkem súwretlew usılları hám detallar sıpatında óz aldına dara-dara alıp olardı basqa milliy ádebiyatlardıń kórkem prozasınan alınǵan mısallar menen salıstırıp pikir júrgizgen. Ásirese, bul ádebiyatshı XX ásirdiń 60-70 jıllarındaǵı qaraqalpaq povestlerinen T.Qayıpbergenovtıń «Suwıq tamshı», «Tánhá ózińe málim sır», Sh.Seytovtıń «Kóp edi ketken tırnalar», K.Raxmanovtıń «Ayralıq qosıǵı», S.Salievtıń «Kárwan mánzildi gózler», «Jol qıssası» hám basqa da povestlerdegi kórkem psixologiyalıq detallardı ayrıqsha belgilep, ásirese «Suwıq tamshı», «Tánhá ózińe málim sır», povestlerindegi detallar menen «súwret», «tırnalar» hám t.b detallardıń jazıwshı sheberligin, olardıń ádebiy qaharmannıń ishki psixologiyalıq keshirmelerin súwretlewdegi roli máselesin utımlı tallaǵan. Ayrıqsha, ol burınnan aytılıp kiyatırǵan detallardıń túrlerine qosımsha T.Qayıpbergenovtıń usı atamadaǵı povestinde «sóylew detalı» formasında qollanılǵan. «Tánhá ózińe málim sır» sóz dizbegine ayrıqsha itibar berip tallaw júrgiziwi, Sh.Seytovtıń dóretpesindegi «tırnalar»dıń leytmotivlik xarakterin úlken pafos penen sóz etiwi hám t.b. ayrıqsha qızıǵıwshılıq oyatadı. Izertlewshi usı baǵdarda kórkem detallardıń jańasha túrleri hám formaların tawıp, olarǵa durıs tallaw jasap, belgili juwmaq jasaydı.

Juwmaqlap aytqanımızda, kórkem detal joqarıda kórip ótkenimizdey, ádebiyattıń gózzallıǵın, obrazlılıǵın, jazıwshınıń sheberligin támiyinlewshi baslı kórkem - poetikalıq komponentlerdiń biri bolıp, ol búgingi kúnge shekem jetilisken ádebiyatlar tariyxında óz aldına úlken bir kórkem estetikalıq sistema - dizim bolıp qáliplesken ádebiy qubılıs bolıp tabıladı. Bunday qubılıstı hár bir milliy ádebiyattıń mısallarınan da kóplep ushıratıwǵa boladı. Sonlıqtan

da, onı arnawlı izertlew búgingi qaraqalpaq ádebiyattanıw iliminiń keshiktirip bolmaytuǵın áhmiyetli máseleleriniń biri boları sózsiz.

**Ádebiyatlar**


1. Петров С. Реализм. М., «Просвещение», 1964, 143–бет.
2. Умиров С. Роль художественной детали в произведениях А.Каххара. Афтореферат канд. дисс., Т.,1967.
3. Добин. Е.  Деталь и подробность. «Литературная газета», 1959, 15-декабрь.
4. Добин. Е. Герой, Сюжеть, Деталь. М., «С.П», 1962.
5. Коробан В. Современный молдавский роман. М., «С.П», 1979.
6. Жусипов Қ.М. Деталь-шеберлик айнасы. // «Жулдыз» журналы, 1973, № 2.
7. Жусипов Қ.М. Деталь-шеберлик айнасы. // «Жулдыз» журналы, 1973, № 2, 187 - бет.
8. Балданов С.Ж. Художественная деталь в бурядской прозе. АКД, М., МГУ, 1970.
9. Кабдалов Б.З. Деталь в художественной прозе. АКД, Алма-Ата, 1982.
10. Есенов Ж.О. Проблема художественного психологизма в современной каракалпакской повести. Канд.дисс. Ташкент,1983; Есенов Ж.О. Шеберликтиң сырлары (көркем психологизм). Нөкис, 1986.



**РЕЗЮМЕ**

Maqolada detalning badiiy asardagi tutgan o’rni tahlil qilingan. Shuningdek, olimlarning fikr-mulohazalari asosida detal masalasi batafsil o’rganib chiqilgan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье анализируется роль детали в художественном произведении. Также, по мнению ученых, детально изучен вопрос деталей.

**SUMMARY**

The article analyzes the role of detail in the work of art. Also, based on the opinions of scientists, the issue of details has been studied in detail.